ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№39 (24.321) • 2022 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



# «Лэгъупыкъум» сабийхэр зыхуей зэрыщыхуэзэм зыщагъэгъуазэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, «ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фонд» компание зэIухам къыхуаутIыпщ мылъкур зыхухэхахэм ятегуэшэныр зи нэIэ щIэт советым и унафэщI Степашин Сергей, «ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фонд» компанием и генеральнэ унафэщI Цицин Константин сымэ щыIащ Донецк ЦIыхубэ Республикэм къырашауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ сабийхэм я деж. Ныбжьыщ Iэ 35-м я узыншагъэр щызэтрагъэувэж «Лъэгъупыкъу» сабий центрым.**

РЕСПУБЛИКЭ унафэщIымрэ хьэщIэхэмрэ зрагъэлъэгъуащ сабийхэр зыхуей зэрыхуагъазэр. КIуэкIуэр цIыкIухэм я узыншагъэм щIэупщIащ икIи ахэр зыхуей псомкIи ди лъахэм къызэрыщызэрагъэпэщынур яжриIащ.

Степашиным къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм и щIыналъэ нэхъыфIхэм зэращыщыр. «Фи хэку вгъэзэжми, дяпэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым фыкъакIуэурэ зывгъэпсэху хъунущ. Си фIэщ мэхъу икIэщIыпIэкIэ псори иухыу, фокIадэм и 1-м, Макеевкэ дэт фи школым кIуэн зэрыщIэвдзэжынур. Фи ныбжьэгъухэм, Iыхьлыхэм яжефIэжынщ, мыбы фызэрыщагъэфIар», - жиIащ Степашиным.

Сабийхэми абыхэм я гъусэ балигъхэми я псалъэм къыхэщащ къалэдэсхэр хуабжьу зэрыгуапэр, хьэщIэ фIыуэ зэралъагъур. ДяпэкIэ ахэр щIыпIэ дахэхэм яшэнущ, я нэгу зрагъэужьынущ. А махуэм цIыкIухэм яхуэупсащ IэфIыкIэрэ хьэпшып гукъинэжхэмкIэ.

КIуэкIуэ Казбек жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм дяпэкIи зэрадэIэпыкъунур. Тхьэмахуищ дэкIмэ, иджыри зы сабий гуп зэрыпэплъэр къыхигъэщащ Iэтащхьэм, абыхэми «Лъэгъупыкъум» зыхуей псори щыхуащIэнущ.

Гугъуехь хэхуа щIыналъэхэм щыщ сабийхэр иджыри къашэмэ, щIагъэтIысхьэну хьэзырщ Налшык къалэм и зыгъэпсэхупIэхэу Къалмыкъым и цIэр зезыхьэ, «Вершина», «Кавказ», «Долинск» «Курорт «Нальчик» санаторэхэм. Апхуэдэуи цIыкIухэм я щIэныгъэм щыпащэнущ Налшык и курыт еджапIэхэм.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# КъулыкъущIапIэхэр зэIухауэ зэдолажьэ

**КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и илъэс зэIущIэшхуэр. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым КъБР-мкIэ и федеральнэ испектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, щIыналъэхэм, къуажэхэм, къалэхэм я Iэтащхьэхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Пэнагуэ Максим.** Пэублэ псалъэр КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** щратым, къызэхуэсахэм лэжьыгъэ купщIафIэ къадэхъуну ехъуэхъуащ.

- Нобэрей зэIущIэм мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къызэхуэсащ цIыхухэм я псэукIэм зиужьыныр зи нэIэ щIэт жылэ унафэщIхэмрэ къэрал къулыкъущIэхэмрэ. Ахэр щызэпсалъэ мыпхуэдэ утыкушхуэхэм, шэч хэмылъу, сэбэп хъун куэд къыщыIунущ. ЕтIуанэу зэхуэсым и мыхьэнэр ин зыщIыр дызыхэпсэукI зэман гугъум, Урысейм Iуэху пыухыкIахэр Украинэм зэрыщригъэкIуэкIыр къагъэсэбэпу къуэкIыпIэ къэралхэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ «зауэ» къыщыдащIылIа лъэхъэнэм дызэрызэIущIарщ. Нобэ къуэкIыпIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм замыгъэнщIыжу интернетым кърагъэхьэ Урысейм Украинэр зэтрикъутэну, зыIэщIилъхьэну хуейуэ. Ауэ фэрэ дэрэ фIыуэ дыщыгъуазэщ зауэр езыгъэжьар ди къэралыр зэрыармырар. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар Украинэм и унафэщIу зыкъэзылъытэжхэрщ, езыхэм я политикэ жыпхъэ ягъэувыжауэ илъэсий лъандэрэ Донбассым и цIыхухэр зэтезыукIэхэрщ. Украинэм и националистхэр игъэкIуэдыным, зауэм зэрызыхуагъэхьэзыра Iэщэхэмрэ техникэмрэ зэтрикъутэным теухуауэ ди къэралым иригъэкIуэкI Iуэхур зыхуэунэтIар а зауэр гъэувыIэнырщ, Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм кърах лейр къызэпыудынырщ.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ Урысейр Украинэм, украин цIыхубэм зэремызауэр, атIэ ар зыпэщIэтыр Украинэм тепщэ щыхъуа националистхэр зэрыарар, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Iэтащхьэм къыхигъэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэр Донбассым и мызакъуэу, ди къэралыр адрей къыхуэдзэлашхэхэм ящыхъумэным зэрыхуэгъэпсар. Зэи хуэмыдэжу нобэ къэралым цIыхуу исыр зэкъуэувэн зэрыхуейр, къэрал политикэр зэрыдэIыгъыпхъэр, урысеидзэм зэрызыщIэгъэкъуэн хуейр къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

- Украинэм къыщыхъуа зэпэщIэтыныгъэм дерс къыхэтхын хуейщ. Лъэпкъым, хэкум ухуиIэ щытыкIэм егъэлеиныгъэ хэлъ хъунукъым. Иужьрей илъэс 30-м украин жылагъуэм я «лъэпкъ зэхэщIыкIыр» къызэрыушар тлъэгъуащ, ар хуэмурэ уз бзаджэ хъуащ, иджы зауэм хуэзыша гупсысэ мыхъумыщIэу къыщIидзащ. Абы гу лъыттэу, лъэпкъ куэду зэхэс ди республикэм мамырыгъэр щыгъэIэным, дэтхэнэ лъэпкъми и бзэр, и хабзэр ихъумэжыным делэжьын хуейщ. ИтIанэщ республикэм зыщиужьынури, цIыхухэм я псэукIэр щефIэкIуэнури.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

# Узыншагъэм ухуэзышэ лъэбакъуэ минипщI

**Узыншагъэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Налшык къалэм щекIуэкIащ «Узыншагъэм ухуэзышэ лъэбакъуэ 10000» жылагъуэ-хэзыгъэгъуазэ акцэ. Абы и къыхуеджэгъэ нэхъыщхьэу щытащ «ЩIы Хъурейм и узыншагъэр - дэ ди узыншагъэщ!».**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтхэр, судьяхэр, медицинэм и лэжьакIуэхэр, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ IэнатIэхэр щызэхуэсащ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и ихьэпIэм деж. Медицэ факультетым и студентхэм хэт хуейми я лъыдэуейр (давленэр) къыхуапщащ, инфекцэ узу щымыт ущIэпIейтеин узыфэхэм (гу-лъынтхуэ, лъатэуз, фошыгъу диабет) ехьэлIа чэнджэщхэр ятащ.

Iуэху щхьэпэр къызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, олимп чемпион **Къардэн Мурат**, «Лига здоровья нации» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэ **Къамбэчокъуэ Заретэ.** Абы кърихьэлIат республикэм и хабзэгъэув IэнатIэм и УнафэщI **Егоровэ Татьянэрэ** и къуэдзэ **Жанатаев Сэлимрэ.**

Узыншагъэр щрагъэфIакIуэ акцэм хэтахэр жыг хадэ ихьэпIэм къыщыщIэдзауэ Курорт пэшым нэс дэкIуейри къехыжащ. Псори зэгъусэу хэтащ цIыху миным нэблагъэ. Абы кърихьэлIат Налшык къалэм дэт курыт еджапIэхэм я гъэсэнхэр, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ щыщхэр, къалэдэсхэмрэ къалащхьэм и хьэщIэхэмрэ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**



# НыбжьыщIэхэр наркотикхэм щахъумэ

**«Урысейм и сабийхэр-2022» зыфIаща профилактикэ Iуэхур республикэм щызэхаублащ. КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм щыIащ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм Iыхьитlу гуэшауэ - мэлыжьыхьым и 4 - 13-хэм, щэкIуэгъуэм и 14 - 23-хэм - къыщызэгъэпэщыным щытепсэлъыхьа зэIущIэ.**

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКIУЭХЭМ къалъытэ «Урысейм и сабийхэр-2022» Iуэхур балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ я деж наркоманием зыщиубгъуныр къэмыгъэхъунымкIэ, ахэр наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ пыщIа Iуэхухэм щыхашэ къэхъумэ, апхуэдэхэр къыщIэгъэщынымрэ къызэпыудынымкIэ, наркотикхэкIхэр зрахьэлIэмэ, ящэмэ, жэуапым зэрырашэлIэнум щыгъэгъуэзэнымкIэ сэбэп зэрыхъунур.

ЗэIущIэр щекIуэкIым къыхагъэщащ наркотикыр зэхьэлIэным зэранығъэу пылъыр балигъ мыхъуахэм ягурыгъэIуэнымкIэ лэжьыгъэхэр республикэм и щIыналъэ псоми зэрыщрагъэкIуэкIынур, балигъ мыхъуахэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэр къызэрапщытэнур; апхуэдэуи наркотикым итхьэкъуа ныбжьыщIэхэм яхэтмэ къахутэн мурадкIэ, ар зрахьэлIэу шэч зыхуащIхэм я псэупIэхэм, транспортым, зыгъэпсэхупIэхэм зэрызыщаплъыхьынур.

НаркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ хабзэншагъэкIэ ирагъэкIыным пэщIэтынымкIэ екIуэкI лэжьыгъэм хэтынущ КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэм я лIыкIуэхэр.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**




# ЗэгъэзэхуэкIэм хуаущий

**Илъэс къэс Урысейм щокIуэкI сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ахъшэм и зэгъэзэхуэкIэм хуэгъэсэным теухуа Iуэхухэр. Абы хиубыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым къыщызэрагъэпэщащ «ЩIэныгъэм и аукцион» зыфIаща зэпеуэр.**

2021 гъэм а зэпеуэм и жэрдэмщIакIуэхэм грант кърatащ. Джэгукlэ Iэмалыр къагъэсэбэпурэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ахъшэр зищIысыр ирагъащIэ. Интернат зыбжанэм щрагъэкIуэкIащ абы хухэха дерс зэIухахэмрэ тренингхэмрэ.

- Проектым мыхьэнэ иIэу къыдолъытэ щIэблэм сомыр зэрагъэзэхуэфу, хабзэм темыкIыу къагъэсэбэпыфу гъэсэнымкIэ. Аращ мы IуэхумкIэ ди мурадыр, - жиIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым хэт, экономикэ щIэныгъэхэм и кандидат Тау Стеллэ.

Зэпеуэм щытекIуахэм иратащ проектым и дамыгъэ бжьэр зи теплъэ статуэткэр.

Мы Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм я дэIэпыкъуэгъущ «Урысей щIалэгъуалэ» зэгухьэныгъэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советыр, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжыр, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэр, «Ппэгъунэгъум дэIэпыкъу» жылагъуэ зэгухьэныгъэр.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**





# Куэдрэ щыпсэу щIыпIэхэр

**ЦIыхухэр нэхъыбэ дыдэрэ щыпсэу щIыпIэхэм хабжащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ хэгъэгуиплI. Илъэс етIуанэ хъуауэ урысей рейтингым япэ увыпIэр щеубыд Ингуш Республикэм.**

НЭХЪЫБЭРЭ псэухэм я ныбжьыр ику иту 2021 гъэм илъэс 80-м щIигъуауэ къехь Росстатым. УФ-м пашэ щыхъуа хэгъэгуитхум я етIуанэщ Дагъыстэныр (76), ещанэр Москващ (74), Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ дызэхуэдэу жыпIэ хъунущ (73).

Кавказ Ищхъэрэм цIыхухэр ику иту зэрыщыпсэур нэхъыбэщ Урысейм и адрей хэгъэгухэм нэхърэ. Пэжщ, ди жагъуэ зэрыхъущи, пандемием щыщIидза илъэсым процент 1,05-рэ кIэрыхуащ цIыхухэр зэрыпсэу илъэс бжыгъэу къагъэлъагъуэм.

Зэрыщыту къапщтэмэ, цIыхур зэрыпсэу илъэс бжыгъэр щынэхъ мащIэр КъуэкIыпIэ Жыжьэ федеральнэ щIыналъэрщ - абы къыщагъэлъагъуэр илъэс 68-м зэрыщIигъу щыIэкъым. ЦIыхум къигъащIэ илъэсхэм я куэдагъыр зэлъытауэ къабжыр зыкъом мэхъу – и щыIэкIэ-псэукIэм, щIыуэпсым.

Узыншагъэм и гугъу пщIымэ, ар щынэхъ лъагэ щIыналъипщIым ящыщщ КИФЩI-м и хэгъэгухэри. ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, цIыху узыншэ нэхъыбэ дыдэ щыпсэур Шэшэнращ, республикэм исым и процент 92,2-м я узыншагъэм щхьэкIэ гуныкъуэгъуэ яIэкъым. Абы къыкIэлъыкIуэр ингушхэрщ, зэупщIахэм я процент 88,9-р узыншэщ. Урысейм еблэнэ увыпIэ щызыубыдар Дагъыстэнырщ (64,1), ебгъуанэр Къэрэшей-Шэрджэсырщ (62,2).

Зи узыншагъэм игъэтхьэусыхэ нэхъыбэ щыпсэууэ къалъытар Марий Элщ. Сымаджэхэм я бжыгъэр процент 16-м щIегъу. КъэпщытакIуэхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, зи узыншагъэ ныкъусаныгъэ иIэхэм я бжыгъэр проценти 7,8-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Пандемием и япэ илъэсыр блэкIыу, цIыхухэм нэхъ зыкъащIэж хъуа нэужь, я узыншагъэри ефIэкIуащ. Зэман дэкIри, я щхьэмрэ я унагъуэмрэ щхьэкIэ зыхэта гужьеигъуэри ящхьэщыкIри, я гур псэхужащ. ДяпэкIэ щытыкIэр нэхъ зэпIэзэрыт хъужыну хуагъэфащэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 9,**
***щэбэт***

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Азэмэт Лалушэ**.

♦ **1947 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик, къэрал лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Тхьэгъэзит Юрэ**.

♦ **1954 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыщ Къайсэр вилайетым и губернатору щыта **Джамбулэт (Яхэгуауэ) Нихьэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 15, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 10,**
***тхьэмахуэ***

♦ **Фашизмэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Зэдэлъхузэшыпхъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **1945 гъэм** Иуан Хьэсэн Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

♦ **1964 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

♦ **1897 гъэм** къалъхуащ япэ адыгэ бзэщIэныгъэ еджагъэшхуэ **Iэщхьэмахуэ Даут**.

♦ **1942 гъэм** къалъхуащ СССР-м щIыхь зиIэ и энергетик, Урысейм и ЕЭС-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и энергетик **Хьэмыкъуэ Ахьмэд**.

♦ **1956 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Дау Марьянэ**.

♦ **1958 гъэм** къалъхуащ радиожурналист **Гъурф Бэллэ**.

♦ **1958 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбдрей къэрал драмэ театрым и актёр **Лу Рэмэзан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 – 22-рэ, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 11,**
***блыщхьэ***

♦ **Фашист гъэрыпIэм исахэр хуит къызэращIыжам и дунейпсо махуэщ**

♦ **Паркинсон узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Къырым Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

**1892 гъэм** къалъхуащ адыгей тхыбзэр зэхэзылъхьа **БекIухъу Ахьмэд**.

♦ **1931 гъэм** къалъхуащ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, журналист **КIасэ Чэмал**.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Батокъуэ Нияз**.

♦ **1956 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-мрэ Ингушымрэ я цIыхубэ артист, КъШР-м щIыхь зиIэ и артист **Амирамов Ефрем**.

♦ **1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Аслъэн Iэсият**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 – 21-рэ, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Лей зезыхьэм къыщIэкIуэркъым.**

# Дызэрыгушхуэ щIэныгъэлI

## Критик, литературэхутэ Тхьэгъэзит Юрэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

**Зи дуней еплъыкIэ гъащIэм хузиIэж, литературэхутэ цIэрыIуэ, критик, щIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Тхьэгъэзит Юрэ Мухьэмэд и къуэр Тэрч щIыналъэм хыхьэ Дей къуажэм 1947 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м къыщалъхуащ.**

КУРЫТ еджапIэр къиуха нэужь Тхьэгъэзитым Совет Армэм къулыкъу щищIащ. А къалэныр зэфIигъэкIыу хэкум къэкIуэжа нэужь 1969 гъэм ар КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щIэтIысхьащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта, зи цIэр фIыкIэ къраIуэ щIалэр «Советская молодежь» газетым уври, илъэс зыбжанэкIэ абы щылэжьащ. 1977 гъэм ар КъБКъУ-м хамэ къэралхэм я литературэхэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэу ирагъэблэгъащ.

Илъэсищкlэ абы щылэжьауэ Тхьэгъэзитым и щIэныгъэм хигъэхъуэну мурад ищIри, Москва кIуащ икIи щIэтIысхьащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием Дунейпсо литературэмкIэ и институтым, Горькэм и цIэр зезыхьэм, и аспирантурэм. Ар 1984 гъэм ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым лэжьэн щыщIидзащ Юрэ икIи щIэныгъэ куу зэригъуэтар къигъэлъагъуэу и IэнатIэм пэрытащ.

Тхьэгъэзитым жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъухэри дзыхь къыхуащIащ – 1997 гъэм КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру, 2004 гъэм республикэм и Президентым и чэнджэщэгъуу ягъэуvауэ щытащ икIи а IэнатIэхэм и пщэ къыщыдэхуэ къалэнхэр пщIэ къыхуащIу игъэзэщIащ.

ЩIэныгъэ IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэхэри, жылагъуэ Iуэхухэм зэрыхэтри гулъытэншэ хъуакъым – абы щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ, 2017 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ. РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэм и пщэ иджыблагъэ иралъхьащ лъэпкъ литературэхэм заужьынымкIэ куэд дыдэ зэлъытауэ щыт IэнатIэр – ар хахащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу.

Тхьэгъэзитым щIэныгъэ, литературэхутэ лэжьыгъэ куэд и къалэмыпэм къыщIэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа Iуэтэжхэм лъэпкъ художественнэ зэхэщIыкIым щаубыд увыпIэр», «Зы къуэпскIэ зэпхащ», «Романымрэ лъэпкъым и художественнэ дуней еплъыкIэмрэ», «Роман жанрым адыгэ литературэм зэрызыщиужьар». ИужьреймкIэ Юрэ и кандидат диссертацэр пхигъэкIауэ щытащ. Абы къыщыхегъэщ адыгэ романым и зэфIэувэкIамрэ и щытыкIэмрэ къэгъэлъэгъуэным литературэдж зыбжанэ зэрелэжьар, псалъэ хъарзынэ куэди зэрыхужаIар, ауэ жаIам и нэхъыбэр зытеухуар ди литературэм къикIуа гъуэгуанэм и тхыдэр арауэ зэрыщытыр.

1994 гъэм ирихьэлIэу Тхьэгъэзитым хьэзыр ищIащ «Къэбэрдей литературэм и псэкупсэщэнхабзэ лъабжьэхэр» зыфIища доктор диссертацэр. ИригъэкIуэкIа къэхутэныгъэшхуэхэр зи тегъэщIапIэ а лэжьыгъэм дэбгъуэн щымыIэу къалъытэри, Юрэ филологие щIэныгъэхэм я доктор цIэр къыфIащауэ щытащ.

Критикым ди адыгэ тхакIуэхэм я романхэр Iэзагъ нэс хэлъу щызэпкърих лэжьыгъэхэр и мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ КIыщокъуэ Алим и романхэм я гугъу щищIхэри. «КIыщокъуэ Алим «Бгыщхьэхэр жейркъым» и трилогиемкIэ дигъэлъэгъуа зэфIэкIыр Iуэрыiуатэ поэтикэм щхьэпрокIри, литературэр къыщемыжьам щыIа гъащIэ къэгъэлъэгъуэкIэхэр къехутэ», - щыжеIэ Тхьэгъэзитым «Романымрэ лъэпкъым и художественнэ дуней еплъыкIэмрэ» лэжьыгъэшхуэм.

Тхьэгъэзитым гу лъетэ КIыщокъуэм «Бгыщхьэхэр жейркъым» и роман-эпопеер куэдым щапхъэ зэрахуэхъуам: «Теунэ Хьэчим и «Шэджэмокъуэ лъэпкъым» цIыху щхьэхуэхэм я псэукIэ-къекIуэкIыкIахэм ятеухуауэ Iуэхугъуэхэр къыщыIэтащ, МэшбащIэ Исхьэкъ и роман «Щэрэ езанэ щхьэдэхыпIэм» лиризм хэзылъхьэ социально-психологие Iуэхугъуэхэр щытепщэщ. Мэлбахъуэ Елбэрд и роман «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ хуэкIуэ гъуэгур» жыхуиIэр адыгэ романым дежкIэ щхьэдэхыпIэщIэщ».

Япэ адыгэ романистхэм я IэдакъэщIэкIхэм Тхьэгъэзитыр ауэ тепсэлъыхь къудейуэ къигъанэркъым, абы художественнэ тхыгъэхэр щызэпкърихкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэм я литературэхэр къегъэсэбэп, ахэр зэрегъапщэ. Юрэ зэрыжиIэмкIэ, «адыгэ романым и зэхэлъыкIэр жанр и лъэныкъуэкIэ джыныр, мифоэпическэ хуэIухуэщIэу абы хэтхэр къэхутэныр сэбэп мэхъу лъэпкъ нэщэнэу хэлъхэр къэгъэнэIуэнымкIи адрей литературэщIэхэм зэрахущытыр къэщIэнымкIи. Ауэ мыбдеж жыIэн хуейщ, типологие и IуэхукIэ щыбджым деж, совет лъэпкъыбэ литературэми иIэбыкIын зэрыхуейр. А лъэныкъуэмкIэ сэбэпышхуэ хъуну къытщохъу, куэдкIэ зэщхьэщыкIми, зэщхь литературэхэу нэгъуэщI щIыпIэхэм щыIэхэм егъэпщэныр... Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым: дунейпсо литературэм къикIуа гъуэгуанэ дыдэм ирикIуэурэ, дэтхэнэ лъэпкъ литературэми езым и нэщэнэхэр къегъэщI, ардыдэмкIи культурэ и лъэныкъуэкIи дунейм лъэпкъыу тетым я зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэхэм хагъахъуэ».

Тыншкъым икIи лэжьыгъэшхуэщ адыгэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэпкърыпхыну, уи къэхутэныгъэхэмкIэ абыхэм литературэм щахуэфащэ увыпIэр ебгъэгъуэтыну. Лъэпкъ литературэр зэгъэпщэныгъэхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ бджынми зэманышхуэ зэрытекIуадэм и мызакъуэу, абы папщIэ щIэныгъэ кууи, къызэрымыкIуэ зэфIэкIи, зэчии уиIэн хуейщ. А псомкIи Тхьэр зэтахэм ящыщщ Тхьэгъэзит Юрэ. Абы щыхьэт тохъуэ щIэныгъэлIым, литературэхутэ цIэрыIуэм хужаIахэри.

«Сэ сызэреплъымкIэ, тхакIуэми хуэдэу, еджагъэшхуэм и дежкIи зэманыр мылъку нэхъыщхьэщ. Ар, зэрытщIэщи, псынщIэу мэкIуэщI. Дыгъуасэу фIэкIа къысщыхъужыркъым Тхьэгъэзит Юрэ литературэм къыщыхыхьар. И япэ лэжьыгъэхэм ар занщIэу цIэрыIуэ ящIащ, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ, щIэ хилъхьэу Iуэхум бгъэдыхьэф, зи гупсысэхэм я щIэщыгъуагъэрэ кууагъымкIэ куэдым къащхьэщыкI къэхутакIуэ диIэ зэрыхъуар дагъэлъэгъуащ, - жеIэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ. - Еджагъэшхуэм и нэIэ зытригъэтыр, дауи, адыгэ литературэрщ, абы зыпэрыт IэнатIэм къыщызэIуихахэм Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ псоми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Адыгэ литературэр къулейщ, лъэщщ. Абы зрагъэужьащ тхакIуэ, усакIуэ телъыджэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIэрашэ Тембот, Хьэткъуэ Ахьмэд, КIыщокъуэ Алим, Уэхъутэ Абдулыхь сымэ, нэгъуэщI куэдми. ГурыIуэгъуэщ апхуэдэ литературэм езым къыпэхъун литературоведенэрэ критикэрэ иIэжын зэрыхуейр. Зыдумысыжынщи, хуабжьу ди жагъуэ мэхъу зи цIэ къитIуа тхакIуэхэм, усакIуэхэм, нэгъуэщIхэми я творчествэр кууэ щызэпкърыха лэжьыгъэхэр зэрыдимащIэр. АрщхьэкIэ гугъапIэфI къыдет Тхьэгъэзит Юрэ хуэдэ къэхутакIуэ акъылыфIэхэр зэрыдиIэм. Апхуэдэу щыщыткIэ, абы и лъэужьым ирикIуэнухэри къыкъуэкIынущ».

Тхьэгъэзитым псалъэ гуапэхэр хужиIауэ щытащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бэчыжь Лейла: «Тхьэгъэзит Юрэ адыгэ литературэхэм дяпэкIи зэрызаужьынум и унэтIыныгъэ щхьэхуэ къызэIузыха еджагъэшхуэщ. Абы и цIэм быдэу епхащ щIэныгъэм и нэхъ IэнатIэщIэ дыдэу щыт академие литературоведенэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэр. Адыгэ литературэм и тхыдэджхэм я лэжьыгъэхэр и тегъэщIапIэу щIэныгъэлI ныбжьыщIэм мурад ищIащ ахэр къэхутэныгъэщIэхэмкIэ щIигъэбыдэну, литературоведенэр щIэныгъэ куум и жьауэм щIигъэувэну. Абы дригъэгупсысащ къэбэрдей, шэрджэс, адыгей литературэхэр зыуэ зэрыщытым, зы къуэпс зэраIэм икIи зэкIэщIэпч зэрымыхъунум. Тхьэгъэзит Юрэ адыгэ литературоведенэр философие къэхутэныгъэхэм я гъуэгум тригъэхьащ. Сыт хуэдэ Iуэху къиIэтами, къэхутакIуэм абы нэгъуэщIынэкIэ дрегъэплъ, иджыри къэс гу зылъыдмытахэр щыдегъэлъагъу. Абы и хъэтIыр зыми ещхькъым. Кууэ икIи щхьэтечу гупсысэф еджагъэшхуэм адыгэ литературоведенэм къыщызэIуихащ иджыри къэс имыIа унэтIыныгъэ, ар щIэщыгъуэу икIи гурыIуэгъуафIэу ди пащхьэ кърилъхьащ. Си фIэщ мэхъу Тхьэгъэзитым иджыри щIэныгъэм куэд къызэрыщызэIуихынур».

КъБКъУ-м илъэс куэдкIэ щылэжьа, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, балъкъэр тхакIуэ Толгуров Зейтун и щытхъу къэблэжьыныр тыншТэкъым, зыхуэмыфащэми псалъэ гуапэ хужиIэнутэкъым.

«Щыстудентам къыщыщIэдзауэ Тхьэгъэзитыр соцIыху. Ар сыт щыгъуи къекIуэкIащ зэщIэкъуауэ, еджэнми лэжьыгъэми егугъуу. А хьэлыр иджыри къыдогъуэгурыкIуэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къиуха иужь, зэман кIэщIым къриубыдэу абы пхигъэкIащ и кандидат, доктор диссертацэхэр. Юрэ и акъылымрэ гуащIэмрэ нэхъ ирихьэлIащ кавказ ищхъэрэ литературэхэм, адыгэ романым, ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэм егъэщIылIа Iуэхухэр джыным. Тхьэгъэзитым и щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр щIэщыгъуэщ, гупсысэм и лъащIэм сыт щыгъуи лъэIэсыфу щытщ», - хужиIауэ щытащ абы Толгуровым.

ИщхьэкIэ зи псалъэ къыщытхьахэм я закъуэкъым Тхьэгъэзитым щIэныгъэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм щыгуфIыкIыр, абы и IэдакъэщIэкIхэм лъэпкъ щэнхабзэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэм тепсэлъыхьар, и къэхутэныгъэхэм папщIэ фIыщIэ зэрыхуэфащэм тетхыхьар. Къэралым и щIыпIэ куэдым къыщыдэкI журналхэм Юрэ и IэдакъэщIэкIхэми езыми ятеухуа тхыгъэхэм мызэ-мытIэу дыщрихьэлIащ икIи дрогушхуэ апхуэдэ Iулыдж, пщIэшхуэ зыхуащI щIэныгъэлI зэрыдиIэм. Ди гуапэщ и цIэр апхуэдэу фIыкIэ щIыжаIэн лэжьыгъэшхуэхэр дяпэкIи утыку кърихьэну, узыншэу, и мурадыфIхэр къехъулIэу псэуну.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**







Тхьэгъэзит Юрэ и щхьэгъусэ Иринэрэ и къуэ Муслъимрэ ябгъэдэтщ.

# Чэнджэщ щхьэпэхэмкIэ къулей

**Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щиIэ къудамэм и унафэщI, полицэм и полковник Джэрыджэ Борис ехъуэхъуащ илъэс 70 зэрырикъур зыгъэлъэпIа, къэрал кIуэцI Iуэхухэм кIэ органхэм щIыхь зиIэ я ветеран, милицэм и полковник Щоджэн Барэсбий Хьэмзэт и къуэм.**

АР КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм щылэжьащ 1972 гъэм и фокIадэм къыщыщIэдзауэ. Милицэм и участковэ инспектору щIидзэри, Дзэлыкъуэ РОВД-м и унафэщIым и къуэдзэ - жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ милицэм и унафэщI къулыкъум нэсащ. 1998 гъэм и мэлыжьыхьым зигъэпсэхуну тIысыжащ. 2014 гъэм и жэпуэгъуэм Барэсбий хахащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэм я совету Дзэлыкъуэ районым щыIэм и тхьэмадэу.

Джэрыджэр зи махуэр зыгъэлъапIэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ иIэу псэуну, фIыщIэ хуищIащ илъэс куэдкIэ хьэлэлу къулыкъу зэрищIам, лэжьакIуэщIэхэр гъэсэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIым папщIэ.

- ФIыщIэ пхузощI къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм чэнджэщ щхьэпэхэмкIэ уазэрыдэгуашэм папщIэ. Уи жыджэрагъымрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ екIумрэ уи пщIэр нэхъри яIэт, апхуэдэуи уэ щапхъэ дахэ уахуохъу хабзэр хъумэныр IэщIагъэу къыхэзыха щIалэгъуалэм, - къыхигъэщащ Джэрыджэ Борис.

Щоджэным полицейхэм фIыщIэ яхуищIащ къызэрегуэпам, я гулъытэ зэрыщымыщIэм папщIэ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**



# Псэм щыщIэр наIуэ къэзыщIыфыр

**Къэралым и къалащхьэ Москва иджыблагъэ къыщыдэкIащ ди лъахэгъу адыгэ щIэныгъэлI, бзэм и философ, филологие щIэныгъэхэм я доктор Семэн IэмырхъанТIутIэ и къуэм и къалэмыпэм къыпыкIа «Ecce homo, или Жизнь вопреки» тхылъ гъэщIэгъуэныр. «Scripta manent» тхылъ тедзапIэм щытрадза, зи купщIэкIэ усыгъэ-философие жыпхъэм ит къыдэкIыгъуэр экземпляр мин хъууэ дунейм къытехьащ. Абы щызэхуэхьэсащ гъащIэм и зэхэлъыкIэхэм ятеухуауэ еджагъэшхуэм иIэ гупсысэхэр зи лъабжьэ жыIэгъуэхэр, усэ кIэщI зэмылIэужьыгъуэхэр.**

ТХЫЛЪЫМ и пэублэм Iэмырхъан зэрыщыжиIэмкIэ, Тхьэм къыхуиуха гъащIэ пэжыр и гъуэгугъэлъагъуэу, и напэм емыцIыжу къикIуным хуэзыгъэса и адэ-анэм, зи фэеплъ нэхур игу лъащIэм ноби сакъыу щихъумэ а нэхъыжьыфIхэм, бын пэжым хуищI тыхьщ ар. «И нэгу щIэкI псоми си псэм лъэкIкъым пэмыджэжу: КIыфIыгъи нэхуи, фIыи бзаджи – зы зэхимыгъэжу», - жызыIэ усакIуэ-философыр бгъэдэлъ и гупсысэхэмрэ и дуней еплъыкIэхэмкIэ куэдым къащхьэщыкI, гъащIэм къыпигъэтIылъ лъэпощхьэпохэм къапимыкIуэт цIыху гумызагъэу, пэрыту, пэжым и лъыхъуакIуэ нэсу зэрыщытыр къыумыщIэнкIэ Iэмал зимыIэщ. И тхылъым тет «псори зылъагъу нэм» хуэдэу, Семэныр хущIокъу гъащIэм кууэ икIи набдзэгубдзаплъэу кIуэцIрыплъыну. «Тхар къонэ» (латиныбзэкIэ scripta manent) жыIэгъуэм тету, Iэмырхъан хуейщ акъыл куум къигъэщI и гупсысэ шэщIахэмкIи цIыхухэм ядэгуэшэну. Аращ абы щIыжиIэр: «Псалъэращ псэм щыщIэр наIуэ къэзыщIыфыр,



Ауэ щыхъукIэ, тхылъкIэ сыкъращIэ сызыхуэдэ цIыхур».

Къыхэдгъэщынщи, и анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ нэсу зэрищIэм къадэкIуэу, еджагъэшхуэр хуиту иропсалъэ франджыбзэми латиныбзэми. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и университету Москва дэтыр, Лумумбэ Патрис и цIэр зезыхьэу щытар (иджы РУДН), ехъулIэныгъэкIэ къиухри, Семэным илъэс куэдкIэ студентхэр щригъэджащ Бенинрэ Ганэрэ я зэхуаку дэлъ Того къэрал цIыкIум щыIэ щIыпIэ еджапIэ нэхъыщхьэм, Тулузэ (Франджы), Гент (Бельгие) къэрал университетхэм, РУДН-м.





Бзэмрэ абы щIэлъ философиемрэ ятеухуа публицистикэ, щIэныгъэ тхыгъэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ Семэным. Абыхэм яхэтщ ди къэралми хамэ щIыпIэхэми къыщыдэкIахэр. Iэмырхъан гъащIэм хуиIэ еплъыкIэхэр къыщигъэлъэгъуащ и «Homo duplex, или Взойти на эшафот» тхылъми. Ари усыгъэ-философие жанрым иту ухуащ.

ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей Академием (РАО) и академик, культуролог цIэрыIуэ Шмидт Сигурд, культуролог, философ цIэрыIуэ Померанц Григорий сымэ зэрыжаIэмкIэ, Семэн Iэмырхъан усакIуэ-гупсысакIуэшхуэщ, акъылышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхущ. Абы и къалэмыпэм къыпыкIа тхылъхэм къыщеIэт цIыхубэпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр: гъащIэм щIэдзапIэ хуэхъум, цIыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, псэуныгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, цIыхум и гурыгъугурыщIэхэм ятопсэлъыхь. Бгъэдэлъ жаныгъэмкIэ, жыджэрагъымкIэ классикыу, и псэр зыхуеIэмкIэ романтикыу къэслъытэ Iэмырхъан гъащIэмрэ лIэныгъэмрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ, фIымрэ Iеймрэ, гуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ ятеухуауэ ди пащхьэ кърилъхьа еплъыкIэхэр Гёте иIа гупсысэкIэхэм хуабжьу изогъэщхь. Пэжым и лъыхъуакIуэ, захуагъэм и телъхьэ усакIуэм а гурыгъу-гурыщIэхэрщ къигъэхъуапIэ хуэхъури.

ИпэжыпIэкIи, Семэн Iэмырхъан и творчествэр и псэм зыхищIэ гурыщIэ куухэр, лъапIэныгъэу къилъытэ Iуэхугъуэхэр наIуэ къэзыщI ущиещ, уазщ. Ар гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епха псэкупсэ лIыгъэм и нэщэнэщ. И тхылъхэм къыщыхьа гупсысэхэр къыгуэхыпIэ имыIэу гъащIэм епхащ, абыхэм нэхъ балигъ уащI, дунейм и зэхэлъыкIэ къызэрымыкIуэм ухагъэгъуазэ. УсакIуэ, тхакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ Пастернак Борис зэрыжиIауэ, упсэуным, угупсысэным, гурыгъу-гурыщIэхэр зыхэпщIэным, гъащIэм щIэ гуэрхэр къыщыпщIэным ухуагъасэ Семэн Iэмырхъан и тхылъ купщIафIэхэм.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Ди щыхьэрыр зэIузэпэщ ящI

**Налшык и уэрам нэхъыщхьэм, Лениным и проспектым, и лъэс зекIуапIэм йолэжь.**

ИЛЪЭС куэд щIауэ абы телъ асфальт телэжьыкIар трагъэкъэбзыкIри мывэ кIэщхъ тракIутащ. Зэрыубэ техникэмкIэ ар зэтес ящI. Сэкъатышхуэ зиIа щIыпIэхэр яузэхуащ, лэжьыгъэхэр зэфIэкIыху абы щызекIуэ цIыхухэм къатемыхьэлъэн хуэдэу пшахъуэ щабэр икухэм тракIутащ.

Иджыпсту щIадзауэ лъагъуэм тралъхьэну плиткэхэр гъуэгубгъухэм щагъэтIылъ. Зэман кIыхькIэ мыхъейуэ икIи темылэжьыкIыу зэрилъынур нэрылъагъуу, ахэр Iувщ.

Iуэхум къыдэкIуэу лъэс зекIуапIэм ибгъухэри зэIузэпэщ ящIынущ, гъэ кIуам уэрамым и кIыхьагъкIэ ехыу щаухуа автобус къэувыIэпIэ дахэхэм екIун хуэдэу.

Лъэс лъагъуэм и мызакъуэу, Лениным и проспектым тет удз гъэкIыпIэхэри, тыкуэн щIыхьэпIэ утхэри ягъэдэхэнущ. Мывэмрэ пшахъуэмрэ кърашалIэ Аруан районым и гъуэгуухуэ управленэм и автомашинэ хьэлъэхэм. Накъыгъэм и махуэшхуэхэм уэрам нэхъыщхьэр зэIузэпэщу IущIэнущ.

**ЛЪОСТЭН Музэ**

# Дахагъэм и пщалъэхэр

**Дахагъэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхуэдэу еплъыркъым. Псалъэм папщIэ, Пасэрей Индием бзылъхугъэр зэрыдахэр жаIэну хуеймэ, абы и куэр пылым ейм ирагъэщхьынут. Ижь-ижьыж зэманым япон цIыхубзхэм я дзэхэр фIыцIабзэу ялэрт, дахэу загъэлъэгъуэныр я гуращэу.**

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, куэд щыгъуазэщ Африкэм щыпсэу падаунг лъэпкъым я бзылъхугъэхэр дахагъэм и пщалъэм нэсыным хущIэкъуу, я пщэр храгъэшыу къызэрыгъуэгурыкIуэр. Абы щхьэкIэ хъыджэбз цIыкIур илъэситху щыхъуам къыщыщIэдзауэ жэзым къыхэщIыкIа гъущI уэрдыхъу чэзуурэ и пщэм фIалъхьэурэ дэкIуэхункIэ иралъхьэрт - и пщэр нэхъ кIыхьыхукIэ нэхъ дахэу ялъытэрт. Китайм дахагъэу щабжырт лъакъуэ цIыкIухэр. Абы къыхэкIыу цIыхубзхэм пхъэ вакъэ щатIагъэрт, я лъапэхэр хэмыхъуэу къэнэн папщIэ...

Апхуэдэ дыдэу адыгэхэми къадекIуэкIыу щытащ зы хабзэ. Шэрджэс бзылъхугъэхэр зэкIужу, бгы псыгъуэу щытын хуейти, лIэщIыгъуитI-щы хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, хъыджэбз цIыкIухэм илъэсипщI-пщIыкIутIым щитым куэншыбэ щрагъэтIагъэу щытащ. Куэншыбэм хъыджэбз цIыкIум и Iэпкълъэпкъыр - и бгым къыщыщIэдзауэ и шухълъэхэм нэс - быдэу зэщIикъузэрт. Абы бгыр псыгъуэ, шхужьхэр лъагэ ищIырт, хъыджэбз цIыкIум и бгъэхэр къигъэкIыртэкъым. Адыгэхэм хъыджэбз дахэ зыфIащу щытам дежкIэ иужьрейм мыхьэнэшхуэ иратырт - уи нэ къыфIэнэ хъунутэкъым. Апхуэдэуи хъыджэбзым IэкIуэцIыр и бгыу щытын хуейти, япэ дыдэу куэншыбэ щыщатIагъэм деж хъыджэбзым и Iэпщэр Iэпхъуамбэшхуэмрэ IэпхъуамбапщэмрэкIэ къапщырт. Ар тыншу къекIуэкIмэ,







хъыджэбз цIыкIум и пщэм апхуэдитI и гъумагъын хуейуэ ялъытэрт. Ауэ нэхъыщхьэр абы и бгым и гъумагъыр арат. Хъыджэбз цIыкIум и бгым и гъумагъ хъунур къащIэн щхьэкIэ, Iэпщэр къызэрапща Iэбжьэр Iуданэм традзэрти, апхуэдиплI къыпачырт. Арат хъыджэбзым и бгым и гъумагъын хуейр: е езы хъыджэбз цIыкIум и Iэпщэм и гъумагъым хуэдизу плIы, е и пщэм и гъумагъым хуэдэу тIу. Нэхъ гъэщIэгъуэныжрати, а пщалъэм темыхуэу нэхъыбэу къыщIэкIмэ, гъур зищIын хуей хъурт: дагъэ зыщIэлъ шхын имышхыу е пIалъэкIэ зыри ирамыгъэшхыххэу. Куэншыбэр къызыхащIыкIыр бжэныфэм пIащIэу къыхагъэж лъахъстэнырт.

Пётр Езанэм къызэригъэпэщауэ щыта япэ къэрал музейм (Санкт-Петербург дэт Эрмитажым) зыщыщыбгъэгъуазэ хъунущ зэрахьэу щыта куэншыбэхэм ящыщитIым. Ахэр адыгэхэм я деж къыщащэхуауэ щытащ XIX лIэщIыгъуэм и кIэм XX-м и пэщIэдзэхэм. Абыхэм тепщIыхьмэ, адыгэ бзылъхугъэм и бгым и псыгъуагъыр сантиметр 48 - 52 хъункIэ хъунурат.

Адыгэхэм зэрахьэу щыта куэншыбэм XVII лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ XIX лIэщIыгъуэм нэс куэд тетхыхьащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, адыгэхэм я псэукIэм, дуней тетыкIэм, я тепльэм зыплъыхьакIуэхэр ятхьэкъуу зэпымыууэ щытащ. Псом хуэмыдэу, шэрджэс бзылъхугъэм и дахагъэр дуней псом хэIущIыIу щыхъуат.

Дахагъэу къалъытэм хущIэкъуу, апхуэдэ мардэ ткIийхэр лъэпкъхэм къызэрагъэсэбэпыр къеэзгъэрэт жыпIэмэ, абы и жэуапыр нобэ ептыну гугъу хъуну къыщIэкIынщ. Къапщтэмэ, языныкъуэ хабзэхэр тхыдэм щыщу къанэми, зэманым зыри щыгъупщэркъым - ар хьэпшып ирехъу, цIыхум къигъэщIэрэщIэж зэпыту йокIуэкI. Пэжщ, иджы нэхъ зиужьауэ, нэхъ ефIэкIуауэ. Зи гугъу тщIы куэншыбэ дыдэр ди зэманми хэтщ, бзылъхугъэхэм я дахагъэр нэхъ къыхагъэщын щхьэкIэ тIэкIу нэгъуэщIу къагъэсэбэп хъуами. Апхуэдэуи дунейпсо модэм хэтхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, мы гъэм къежьэжынущ алътесым, хъарым, фэм къыхэщIыкIа куэншыбэхэр. Ауэ иджы абыхэм бгыр щIакъуэн хуейуэ аракъым, щыгъын гъэдахэу, и щIыIум къытралъхьэну аращ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

ДифI догъэлъапIэ

# ЩIыналъэми къэралми я быдапIэ лъэщ

Дэтхэнэ цIыху зэпIэзэрытри хущIокъу езым и лъэужь дахэ дунейм къытринэным. А псалъэ зэпхар и мыхьэнэкIэ хуокIуэ уи IэнатIэр, дзыхь къыпхуащIа къалэным епха лэжьыгъэр гурэ псэкIэ, хьэлэлу, пэжу епхьэкIыным, и инагъ-цIыкIуагъ емылъытауэ, цIыхухэм къахуэщхьэпэн гуэр гъащIэм щызэфIэбгъэкIыным. Апхуэдэу, зыпэрыт IэнатIэм сэбэпынагъ къызэрыщихьыным и гупсысэхэри и IуэхущIафэхэри хуэгъэпсауэ, и гъащIэ гъуэгур купщIафIэу, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIауэ къикIуащ Хьэмыкъуэ Ахьмэд Цацу и къуэм. НэхъыжьыфIым пщэдей игъэлъэпIэнущ и илъэс 80 юбилейр.

Хэку зауэшхуэм и гуащIэгъуэ дыдэт Хьэмыкъуэ Ахьмэд дунейм къыщытехьа 1942 гъэм и мэлыжьыхь мазэр. МафIае илъэсхэм цIыхубэм къахуихьа гугъуехьхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ, дауи, ялъэIэсащ ар къыщалъхуа Къармэхьэблэми. Апхуэдэу хъуами, щIалэ цIыкIур къэхъуащ узыншэу, дунейр и щIэщыгъуэу, гъащIэм и зэхэлъыкIэхэр фIэхьэлэмэту. Жылэм дэт курыт школми фIы дыдэу щеджащ Ахьмэд. Псом нэхърэ нэхъыбэу ар дэзыхьэх предметхэм ящыщт математикэр, физикэр, географиер. Зы хьэлымрэ зы щытыкIэмрэ дапщэщи зыдалъагъу ныбжьыщIэр кIий-гуохэм, зэраншу ныбжьыщIэхэм ящыщауэ къахуэщIэжыркъым зыми. «Гупсыси псалъэ» адыгэ псалъэжьым тету, Хьэмыкъуэр балигъыпIэ иуващ, и хьэл-щэныр зэтету, фIыуэ емыгупсысауэ зы Iуэхугъуи зэфIимыгъэкIыным, зы псалъи жимыIэным тету. ЩIалэщIэм бгъэдэлъ гупсысэ кууухэм хуэкIуэпсырт апхуэдэ зэпIэзэрытагъыр.

Къуажэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, Ахьмэд щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Ивановэ къалэм Лениным и цIэр зэрихьэу дэт энергетикэ институтым элетроэнергетикэмкIэ и факультетым. Инженер-электрик IэщIагъэр иIэу еджапIэ нэхъыщхьэр 1968 гъэм къэзыуха щIалэщIэм а илъэс дыдэм IэщIагъэлIу лэжьэн щыщIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым электросетхэмкIэ и IэнатIэм иIэ диспетчер къудамэм. Лэжьыгъэм щIэхыу хуэIэижь хъуащ Хьэмыкъуэр. И пщэрылъ къалэнхэр и чэзум икIи къызыхуэтыншэу зэригъэзащIэм къыдэкIуэу, IэнатIэм хилъхьэрт абы къыщежьэ Iуэху зехьэкIэ пэрытхэр, мардэщIэхэр. Илъэс нэхъ дэмыкIыу Ахьмэд ягъэуващ щIыналъэм щылажьэ электростанцхэмрэ подстанцэ цIыкIухэмрэ я лэжьыгъэм кIэлъыплъ къулыкъущIапIэм и инженер нэхъыжьу. Лэжьыгъэм гурэ псэкIэ пэрыт IэщIагъэлIым зэман кIэщIым къриубыдэу иригъэфIэкIуащ а IэнатIэр. Езым и Iуэху зехьэкIэр щапхъэ дахэ яхуэхъурт Ахьмэд и нэIэм щIэту лажьэхэм, унафэщIым и псалъэри тIу ямыщIу я къалэнхэр ягъэзащIэрт. Апхуэдэ лэжьакIуэфIым гу лъамытэу къэнакъым. 1974 гъэм Хьэмыкъуэр ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым электросетхэмкIэ и IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэу, инженер нэхъыжьу. А къулыкъум ар тетащ илъэси 10-м щIигъукIэ, зэрихабзэу, хьэлэлу, пэжу и IэнатIэр ирихьэкIыу, лэжьыгъэм хуиIэ еплъыкIэщIэхэр хилъхьэрэ ар иригъэфIакIуэу.



1985 гъэм Хьэмыкъуэ Ахьмэд ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым электросетхэмкIэ и IэнатIэм и унафэщIу. Къыхэгъэщыпхъэщ а зэманым ирихьэлIэу а IуэхущIапIэр зи щхьэ хущытыж мыхъуу, «Ставропольэнерго» щIыналъэпсо IуэхущIапIэм и зы къудамэу зэрыщытар. Зи пашэ хъуа IэнатIэм ди республикэм нэхъыфIу зыщригъэужьын папщIэ, Хьэмыкъуэм мурад ищIащ ар IуэхущIапIэр щхьэхуэу, къэралым и щыхьэрым щыIэ IэнатIэм зи щхьэ хущытыжу пыщIауэ лэжьэн хуэдэу, Iуэхур зэтриублэну. А псори зэгъэхъулIэным гугъуехь куэд, Iуэхум зэран къыхуэхъу лъэпощхьэпо мымащIэхэри хэлъащ. Зэресам хуэдэу лэжьыгъэр ирахьэкIмэ нэхъ къащтэрт щIыпIэ унафэщIхэми Ставрополь щыIэхэми. АтIэми, Хьэмыкъуэр хуежьащ и мурадыр зригъэхъулIэн. Зэман кIэщIым къриубыдэу абы хузэфIэкIащ зи пашэ IуэхущIапIэр зи щхьэ хуитыж хъуным, дэлэл имыIэу, энергетикэмкIэ къэралпсо IэнатIэм пыщIауэ щытыным къишэну хъерыр, зыужьыныгъэр къулыкъущIэ лъагэхэм къагуригъэIуэн. Апхуэдэу игъэхьэзыращ абы папщIэ зыхуеину дэфтэрхэр, лъэныкъуэ псоми я арэзыныгъэ хэлъу. 1988 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым электросетхэмкIэ и IэнатIэр хъуащ «Къэббалъкъэнерго» IуэхущIапIэ щхьэхуэ, СССР-м Гъэсынупхъэмрэ энергетикэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту. Ар къызэзыгъэпэща Хьэмыкъуэр ягъэуващ абы и генеральнэ унафэщIу. 1993 гъэм ар хъуащ акционер зэгухьэныгъэ ин.

Лэжьыгъэм и къэзэгъэпэщакIуэ нэсу, зэхэщIыкI лъагэ зыбгъэдэлъ, жэуаплыныгъэр зыхэзыщIэ унафэщIу Хьэмыкъуэ Ахьмэд IэнатIэм пэрытащ илъэс 20-м нэскIэ. И IэщIагъэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэм, и зэфIэкIхэм хигъахъуэ, IэнатIэр иригъэфIакIуэ зэпыту а зэманыр ирихьэкIащ абы. Ахьмэд лэжьыгъэм хилъхьэрт абы епхауэ дэнэкIи къыщежьэ Iуэху зехьэкIэ мардэхэр. ЩIэм и лъыхъуакIуэ IэщIагъэлI щыпкъэм, унафэщI Iэзэм бгъэдэлъ щIэныгъэм, IэщIагъэмкIэ иIэ зэхэщIыкIым я гъунапкъэхэм зригъэубгъурт. Апхуэдэ мурадхэр иIэу, Ахьмэд и зэфIэкIхэм щыхигъэхъуащ Шотландие политехникэ институтым, зэман кIэщIкIэ щылэжьащ США-м, Швейцарием, Франджым, а щIыпIэхэм щыIэ энергокомпаниехэм щекIуэкI Iуэху зехьэкIэ пэрытхэм кIэлъыплъу, энергетикэм епха дунейпсо мардэщIэхэр зригъащIэу. Хамэ къэралхэм щилъэгъуа фIы псори Хьэмыкъуэм хилъхьэрт зыпэрыт IэнатIэм, абы зригъэужьу. А Iуэхухэм къадэкIуэу унафэщI гумызагъэм зэрыхъукIэ иригъэфIакIуэрт республикэм и энергетикэ IэнатIэм и мылъкутехникэ лъабжьэр.

Хэлъ гудзакъэм, зыхищIэ жэуаплыныгъэмрэ лэжьыгъэр зэфIэкIын папщIэ хэлъ ерыщагъымрэ папщIэ Хьэмыкъуэ Ахьмэд «Наполеон» цIэ лейр иIэхъуауэщытащ. Хэлъэтышхуэ зиIэ IэщIагъэлI набдзэгубдзаплъэм япэу апхуэдэу еджар ди республикэм и Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэт. ЩIыналъэ экономикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэ гугъум и унафэщIым зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм щыгуфIыкIыу, КIуэкIуэм Хьэмыкъуэм зыхуигъазэрт: «Уи Iуэхухэр дауэ щыт, Наполеон?» Ахьмэди щIыналъэ унафэщIым и гугъу хуищIырт зи пашэ IэнатIэм щызэфIах лэжьыгъэхэм, щызыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм, Iуэхур къэзылъахъэ лъэпощхьэпохэм.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, цIэ лей зыфIащхэм абы хуэкIуэ гуэри яхэлъщ е я теплъэм, е я хьэлщэным, е я зыIыгъыкIэм. Хьэмыкъуэм, пэжу, хэлът Наполеон зэрыцIэрыIуэу щыта щэн мымащIэ: и теплъэм уигу къигъэкIырт тхыдэм зи цIэр къыхэна франджы император цIэрыIуэм, полководец IэкIуэлъакIуэм, къэрал лэжьакIуэшхуэм и шыфэлIыфэр. Апхуэдэуи зыхуигъэув къалэнхэр къызэрымыкIуэт, щIэм, ехъулIэныгъэ къызыпэкIуэнум и телъхьэт, и мурадхэр зыIэригъэхьэнми ерыщагъышхуэ хилъхьэрт. Апхуэдэу ар я гум къинэжащ а лъэхъэнэм зыдэлэжьа къулыкъущIэ куэдым.

- Ахьмэд Цацу и къуэр зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIщ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ унафэщI Iэзэщ. Хьэмыкъуэм хуэдэ лэжьакIуэ гумызагъэ нэхъыбэIуэу диIатэмэ, ди республикэм нэхъыфIыжу зыужьынут, - жеIэ 1992 - 2004 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта Губин Геннадий. - Абы пщIэшхуэ щиIэщ ди республикэм и мызакъуэу къэрал псоми. ЛэжьыгъэмкIэ ехъулIэныгъэ куэд зыIэрызыгъэхьа цIыху гумызагъэм зэманым декIуу, уеблэмэ абы япэ ищу къалэнхэр зэфIихырт. Апхуэдэут ар къызэрацIыхур къэрал къулыкъущIэшхуэхэми.

КъБР-м цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэ Зумакулов Борис зэрыжиIэмкIэ, Хьэмыкъуэм хуэдэу зи IэнатIэм хьэлэлу пэрыт цIыху гъуэтыгъуейщ.

- Апхуэдэхэм я гъащIэр, я Iуэху зехьэкIэр, ябгъэдэлъ гупсысэхэр щапхъэщ сыт хуэдэ лъэхъэни. Хьэмыкъуэ Ахьмэд и фIыщIэшхуэ хэлъщ республикэм и энергетикэ IэнатIэр, «Ставропольэнерго»-м и зы къудамэ цIыкIуу щытар, зэман кIэщIым къриубыдэу зи щхьэ хущытыж, технологие лъагэхэр, пэрытхэр къыщагъэсэбэп, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьэ IуэхущIапIэ лъэрызехьэ зэрыхъуам, - пещэ и псалъэхэм Зумакуловым. - Газетым и напэкIуэцIхэр къэзгъэсэбэпу, си гуапэу сохъуэхъу Ахьмэд. Узыншагъэ уиIэу, уи мурадхэр къохъулIэу Тхьэм куэдрэ уигъэпсэу, си ныбжьэгъу лъапIэ!

КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий къызэрилъытэмкIэ, Хьэмыкъуэ Ахьмэд энергетикэмкIэ бгъэдэлъ гупсысэ куухэм щIэнгъуазэ мыхьэнэ яIэщ. Абыхэм ящыщ куэд нэхъапэм къыщагъэсэбэпащ, ноби къагъэщхьэпэ Кавказ Ищхъэрэм и энергетикэ, гидроэнергетикэ IэнатIэхэм зегъэужьынымкIэ IуэхущIапIэхэм.

- Уасэ зимыIэ а IэщIагъэлI цIэрыIуэм и щIэныгъэмрэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэ мардэхэмрэ къулейщ, къызэрымыкIуэщ, - жеIэ Алътудым. - Ахэр хъугъуэфIыгъуэ инщ энергетикэ IэнатIэр зыдж, абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ эксперт зэгухьэныгъэхэм я дежкIэ. Шэч хэлъкъым Хьэмыкъуэм и зэфIэкIым къихьа ехъулIэныгъэхэр ди республикэм и тхыдэ гъуэгуанэм къызэрыхэнэнум.

«Къэббалъкъэнерго»-м и пашэу Хьэмыкъуэ Ахьмэд щыщыта илъэсхэм, ипэжыпIэкIэ, хэпщIыкIыу зиужьат а IэнатIэм. Къапщтэмэ, а унафэщIым хуэзэфIэкIауэ щытащ Шэрэджыпсым тращIыхь ГЭС цIыкIухэм къадэкIуэу ди къалащхьэм и Затишье хьэблэм, «Налшык» электроподстац нэхъыщхьэм пэгъунэгъуу, электросетым ирахьэлIэ Iэмэпсымэхэр, гидротурбинэхэр, трансформаторхэр щызэрагъэзэхуэж IуэхущIапIэ ин къыщызэригъэпэщын. Абы щыщу иджыпсту къэнэжар мащIэми, а лъэхъэнэм ар хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергоIэнатIэм хэпщIыкIыу зезыгъэужьа, абы и лъабжьэр зыгъэбыда Iуэхугъуэ. Цех зыбжанэу зэхэт а IуэхущIапIэм щызэрагъэпэщыжу щытащ тонни 160-м щIигъу зи хьэлъагъ трансформаторхэр, тонн 70-м нызэрыхьэс гидротурбинэхэр. Ар завод щхьэхуэ лъэрызехьэт абы щыгъуэ, оборудованэ лъэщхэмкIэ къызэгъэпэщауэ. КъинэмыщIауэ, а щIыпIэ дыдэм щаухуауэ щытащ IэнатIэм щылажьэ цIыхуи 150-м я унагъуэхэр зыщIагъэтIысхьа псэупIэ унэхэр.

А илъэсхэращ щаухуауэ щытар Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн къалэхэм щылажьэ электроподстанцхэу щы, мэкъумэш хозяйствэхэр электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэр, нэгъуэщIхэри. Ди щIыналъэ зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIащ а лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэми. Абыхэм къадэкIуа фIыгъуэхэм халъытэ цIыху куэд лэжьапIэ IэнатIэкIэ, псэупIэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуар, электрокъару хуэныкъуэ псоми зэпыу ямыIэу зэраIэрыхьар. Шэч лъэпкъ къытумыхьэу жыпIэ хъунущ апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм я щIыбагъ къыдэлъар унафэщI щыпкъэ, зи гупсысэр зи псалъэм япэ ит, зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъу лэжьа Хьэмыкъуэ Ахьмэд и гуащIэрэ и щIэныгъэу зэрыщытыр.

И нэIэм щIэт IэщIагъэлIхэр щIыгъуу лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм Хьэмыкъуэм зэхигъэувэу хуежьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2010 гъэ пщIондэ тещIыхьа и энергетикэ программэр. ЕкIуу зэфIиха нэужь, IэщIагъэлI IэкIуэлъакIуэм ар я пащхьэ ирилъхьащ щIыналъэ унафэщIхэм. КъБР-м и Правительствэмрэ «Урысейм и ЕЭС (Урысейм зыуэ щыт и энергоIэнатIэ)» РАО-мрэ я арэзыныгъэ хэлъу, а программэм къару игъуэтауэ щытащ. А IэнатIэхэм я жэрдэмкIэ Iэтауэ, гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къащтауэ щытащ а дэфтэрыр, сыту жыпIэмэ къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр щыщекIуэкIа, лъэпкъ экономикэм и лъабжьэр къыщытIэсхъа а лъэхъэнэм нэгъуэщI зы щIыналъэми щелэжьыфыртэкъым зыужьыныгъэщIэм ухуэзышэ программэхэм. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм ящыщ зыбжанэ зэман кIэщIым къриубыдэу щызэфIагъэкIауэ щытащ ди республикэм. Апхуэдэхэм ящыщщ зэрагъэпэщыжу 1995 гъэм лажьэу яутIыпщыжа Акъбащ ГЭС-р, Бахъсэн-Балъкъ псыхъуэм лэжьэн щыщIэзыдза электростанц цIыкIур, Шэрэдж Ищхъэрэм, иужькIэ Къэщкъэтаурэ Аушыджэрэ щаухуа станц цIыкIухэр.

Зи зэфIэкI лъагэр къэралым хэIущIыIу щыхъуа Хьэмыкъуэ Ахьмэд а лъэхъэнэм ирагъэблэгъауэ щытащ Москва, абы дэт «Гидропроект» Урысейпсо институтым и инженер нэхъыщхьэм и къуэдзэу. Абы куэдрэ щымылэжьауэ, ди республикэм а лъэхъэнэм и Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и псалъэкIэ, ар къэкIуэжауэ щытащ ди щIыналъэм икIи «КъБР-м энергетикэм и лъабжьэр зыгъэбыдэ инвестицэ проектхэмкIэ и дирекцэм» и унафэщI хъуащ. Зэрихабзэу, а IэнатIэми жэуаплыныгъэ лъагэ зыхищIэу пэрытащ Хьэмыкъуэр. Абы и унафэм щIэту зэхагъэуvaуэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергетикэм 2015 гъэ пщIондэ зэрызиужьынум теухуауэ» программэр. Абы къыщыгъэлъэгъуахэм гъэзэщIа мыхъуа хэмытми ярейщ.

2002 гъэ лъандэрэ Хьэмыкъуэ Ахьмэд мэлажьэ «Энергоресурс» ООО-м и унафэщIхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу. IэщIагъэлI IэкIуэлъакIуэм къехутэ ди къуршыпсхэм ябгъэдэлъ лъэщагъыр, абыхэм ятещIыхьауэ проект лэжьыгъэхэри гъэхьэзырыным кIэлъоплъ. И щIалэгъуэми хуэдэу, Хьэмыкъуэм и къару илъщ, и зэфIэкIри инщ.

Сыт хуэдэ къэхъукъащIи лъэужьыншэ хъуркъым. Хьэмыкъуэ Ахьмэд и псэ хьэлэл лэжьыгъэри гулъытэншэ хъуакъым. Ар КъБР-м щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и къэрал саугъэтым и лауреатщ, СССР-м, КъБР-м, ЕЭР-м щIыхь зиIэ я энергетикщ, «УФ-м и топ-менеджер» цIэ лъапIэри къыфIащащ. Мызэ-мытIэу абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, иIэщ къэрал дамыгъэхэри.

Хьэмыкъуэ Ахьмэд Цацу и къуэм, IэщIагъэлI щэджащэм, зи гуащIэри, щIэныгъэри, акъылри ди щIыналъэм и зэпэщыныгъэм, ехъулIэныгъэм хуэзыгъэпсу дунейм тет хэкупсэ нэсым, дохъуэхъу и илъэс 80 юбилеймкIэ. Узыншагъэ быдэ иIэу, унагъуэ насып щымыщIэу, и щIэблэм я фIыгъуэ куэд илъагъуу бэрэ Тхьэм игъэпсэу! Апхуэдэ хэкулIхэращ щIыналъэми къэралми быдапIэ яхуэхъур.

**КЪУДЕЙ Владимир**,
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

# Шылъэгу



**Шылъэгухэр зыхэбгъэгъуэщэн псэущхьэ щыIэкъым. Абыхэм хуэдэу фэ Iув зытелъ зыри дунейм теткъым. Ар къупщхьэм хуэдэу быдэщи, шылъэгур и бий куэдым ящехъумэ. Ауэ ари сэбэп къащыхуэмыхъуи щыIэщ.**

ЯЗЫНЫКЪУЭ шылъэгухэр щIым щопсэу, адрейхэм я гъащIэр щахьыр псырщ. Псым щыпсэухэри лIэужьыгъуитIу егуэшыж: зыр псыежэххэм хэсщ, етIуанэм тенджызыпсыр нэхъ къещтэ. Шылъэгухэр щIым щытетым деж жьажьэу плъагъу щхьэкIэ, псым щыхэсым деж икъукIэ жанщ, есыкIэкIэ Iэзэщ.

ГъэщIэгъуэнщ шылъэгу ширхэр дунейм къызэрытехьэр. Шылъэгу анэм пшахъуэр къретхъури, джэдыкIэхэр игъэтIылъа нэужь, щIехъумэж. ИужькIэ абы и ширхэм я Iуэху лъэпкъ зэрихуэжыркъым. Абы къыхэкIыу ширхэр дунейм къызэрытехьэу я щхьэр япIыжын хуей мэхъу.

Къэрал куэдым щыпсэу цIыхухэм шылъэгум илри и джэдыкIэри яшх, уеблэмэ нэхъ ерыскъы лъапIэ дыдэу къалъытэ.

**МЭЛЕЙ ФатIимэ.**

# Лы Iыхьэ гъэжьахэр, кIэртIоф, бжьыныху щIэлъу

ЛыпцIэ щабэ дыдэр хуэхъурей щIыкIэу, пIащIэу зэпаупщI, г 100 - 150-рэ и хьэлъагъыурэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэжэпхъри, шыгъу, шыбжий сыр тракIутэ, фIыуэ зэIащIэж, щIыIапIэ ягъэуври, дакъикъи 5 - 7-кIэ щагъэт, шыгъур лым хыхьэн папщIэ.

КIэртIоф укъэбзар ягъавэ, ар зыхэвыкIа псыр тепщэчым иракIэ, абы бжьыныху уба халъхьэ, зэIащIэри и щхьэр трапIэж.

ТебэкIэ дагъэ къагъэплъ, абы лыпцIэ шыуа гъэжэпхъахэр иралъхьэ, тебащхьэр трапIэри, дакъикъи 2-3-кIэ ягъажьэ, зэрагъэдзэкIри, тебащхьэр тепIауэ мыдрей лъэныкъуэмкIи зы дакъикъэ хуэдизкIэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Абы кIэртIофыр зыхэвыхьа, бжьыныху уба зыхэлъ псыр щIакIэ, тебащхьэр трапIэжри, мафIэ щабэ дыдэм тету дакъикъи 2-3 хуэдизкIэ ягъэбэкхъ.



ЯпэщIыкIэ тепщэчым кIэртIоф упщIэтар иралъхьэ, абы и щIыIум лы гъэжьар тралъхьэжри, тебэм къина дагъэмрэ псымрэ тракIэж. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ хуабэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** былымыл лыпцIэу - г 300, нартыху дагъэу - г 50, кIэртIофу - г 400, бжьыныху укъэбзауэ - г 20, кIэртIофыр зыхэвыкIа псыуэ - г 130-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# Ди тхыдэм уриплъэжмэ...

Зиххэр адыгэ лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Ахэр ди эрэм и пэкIэ I лIэщIыгъуэмрэ ди эрэм и V лIэщIыгъуэмрэ Кавказ Ищхъэрэ-КъухьэпIэ лъэныкъуэм щыпсэуащ. Ауэ язынықъуэ еджагъэшхуэхэм зэратхыжымкIэ, VI лIэщIыгъуэм псэуа зиххэм тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щIыналъэшхуи щаIыгъащ.

* * *

Зиххэм хуэдэ къабзэу, VIII лIэщIыгъуэм Кавказым и картэм къохутэ адыгэхэр къызытепщIыкIыжа нэгъуэщI зы лъэпкъым и цIэри – ар кIэсэгъухэрщ. Х лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу абыхэм щIыналъэшхуэ яIыгъащ – КъухьэпIэ Кавказыр, Псыжь (Кубань) Iуфэр, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щыщ Iыхьэшхуэр. Ахэрщ къызыхэкIар адыгэ (кIэсэгъу) дзэзешэ ин, пелуан Ридадэ, 1022 гъэм тмутэрэкъаныпщ Мстислав гъэпцIагъэкIэ къиукIар.

* * *

Адыгэ (шэрджэс) мамлюкхэм Мысырым и пащтыхьыгъуэр илъэси 135-кIэ яIыгъащ, 1382 гъэм къыщыщIэдзауэ 1517 гъэм нэсыху. Япэу а пащтыхьыгъуэр иубыдат Бэркъукъу Анчокъу. Абы а къулыкъур тIэу Iэрыхьащ икIи псори зэхэту илъэс 16-кIэ иIыгъащ. А зэманым шэрджэс мамлюкхэм я IэмыщIэ къихуащ Бейбэрсрэ Къэлэунрэ зэрагъэпэщауэ щыта къэрал абрагъуэр.

# Псэууэ сыкъызэрелам папщIэ

БЫЛЫМЫМ мэкъу яриту Хъуэжэ Iуэм итт. Асыхьэтым жыжьэу фочауэ макъ къыщыIуащ.

А махуэм Хъуэжэ и пыIэр фызым ижьыщIри, игъэгъущыжыну бжыхьыпэм фIидзауэ фIэлъти, шэ цIывар абы къытехуэри, пыIэ купсэр пхихащ. Ар щилъагъум, Хъуэжэ псынщIэу унэм щIэлъэдэжри, и щхьэгъусэм жриIащ:

- Фызабэу укъэнэным зы тIэкIунитIэщ иIэжар, псэууэ сыкъызэрынам щхьэкIэ псынщIэу тхьэлъэIу схуэщIыж!

- Ана-а, сыт мыгъуэр къэухъу? - жиIэри и нэр нэпсым къызэпижыхьауэ фызыр къыпежьащ.

Ар щIыбым къыщIишри, шэм пхиха и пыIэ купсэр Хъуэжэ абы иригъэлъэгъуащ:

- Асыхьэтым мы пыIэр сэ сщхьэрыгъауэ щытамэ, шэм си щхьэр фIихатэкъэ? – жиIэри.

**КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Адыгэ лъэпкъхэм ящыщу кIуэдыжа. **3**. Аруан куейм хиубыдэ къуажэ. **6**. Ар пхъэм къыхащIыкI, шэмэджым дадзэ. **7**. УэрэджыIакIуэ Iэзэу щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ... Борис. **9**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **10**. Ди унафэщIыр ... джабэкIэ къызоплъ. **13**. Данэ щэкI. **14**. Хадэм ирагъэувэ къуалэбзу гъащтэ. **16**. Черкесск дэт Адыгэ театрым зи цIэр зэрихьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ... Мухьэрбэч. **17**. Пхъэ уадэшхуэ. **18**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **19**. Мэжджытым хэт азэн джапIэ. **21**. Дыгъэ ... е нартыху ... **22**. Псы Iуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ.

***Къехыу:*** **2**. Хадэм зэрилэжьыхь Iэмэпсымэ. **4**. Ди гъунэгъум мэл ... иIэщ. **5**. ЩIы щхьэфэр зэзыгъэдзэкIыу пхъэIэщэм щыщ Iыхьэ. **8**. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа адыгэ композитор. **10**. Азием щыщ къэрал. **11**. КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **12**. ... техьэ тенэркъым. **15**. АпхуэдизкIэ Iупэцабэщи, хамэ унагъуэм я ерыскъыр ... ещI. **19**. Жыг закъуэ ... хъуркъым. **20**. Езыр мылъэтэфми, Iэзэу бадзэ къеубыд.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

## Мэлыжьыхьым и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Хьэлэл. **6**. Хъыжьэ. **7**. Уэркъ. **8**. Хьэмыку. **10**. Уэчыл. **13**. Къан. **14**. Бжьы. **15**. Лэч. **16**. Бжьыгуэ. **18**. Абрэдж. **22**. Уэзы. **23**. Ерэн. **24**. ФIарий.

***Къехыу:*** **1**. Пхъэхь. **2**. Хьэжы. **3**. Лыжь. **4**. Лулэ. **5**. Акъыл. **9**. Менлы. **11**. Чылар. **12**. Яжьэ. **16**. Брул. **17**. ГурыфI. **19**. Бжей. **20**. Джанэ. **21**. ЩIэр.

# Зи гъащIэр IэфI защIэу къэзыгъэщIа щыIэкъым

**♦Бгъэдэт гу къабзэкIэ ныбжьэгъум, акъылкIэ бгъэдэтыф уи бийм.**

**♦Узылъэщ Iэмыхьэнум укIэлъымыжэу, къыплъэщIэмыхьэм укъыдэжэмэ, нэхъ тыншщ.**

**♦Щхьэцыр Iув щхьэкIэ акъылыр мащIэ дыдэт.**

**♦ТекIуэныгъэ ин ущиIэр уэ узытекIуэжмэщ.**

**♦Зи щхьэм фIэкIа нэгъуэщIхэр фIыуэ зымылъагъуфыр насыпыншэщ икIи угъурсызщ.**

**♦Зи гъащIэр IэфI защIэу къэзыгъэщIа щыIэкъым.**

**♦Пэжагъыр цIыхугъэм и къежьапIэщ.**

КIУРАШЫН Алий.

МЧС



# КъегъэлакIуэхэм зыгъэсэныгъэхэр ирагъэкIуэкI

**Налшык дэт «Гидрометаллург» заводым щекIуэкIащ мафIэсым пэщIэтыным теухуа зыгъэсэныгъэхэр. Гулъытэ хэха хуащIащ шынагъуэ зыпылъ химие пкъыгъуэхэр икIутмэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымрэ щIыдагъэхэкIхэм мафIэ щIэнэмэ, гъэункIыфIынымрэ.**

ЗАВОДЫР ящыщщ щытыкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъуну объектхэм икIи апхуэдэ къэмыхъун папщIэ илъэс къэс зыгъэсэныгъэхэр къызэрагъэпэщ. Апхуэдэхэм деж наIуэ къохъу къегъэлакIуэхэр, IуэхущIапIэм и администрацэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм къикIынымкIэ IэнатIэхэмрэ зэгъэуIуауэ зэрызэдэлэжьэфынур.

Зыгъэсэныгъэхэр зытеухуар мырат: кубометри 100 зэрыхуэ кумбыгъэм къижри, солянэ кислотар метр зэбгъузэнатIэ 90 къызэщIиубыдэу щIым телъэда хуэдэт. Абы къыдэкIуэу щIыщIагъым иIэ мазутI хъумапIэхэм ящыщ зыми мафIэс къыщыхъуащ. Абыи метр зэбгъузэнатIи 150-рэ зэщIиубыда хуэдэт. ЩытыкIэ гугъум къикIыным хуэунэтIа Iуэхум цIыху 55-рэ хэтащ, техникэу 10 къыщагъэсэбэпащ.

- Мыпхуэдэ зыгъэсэныгъэхэм я фIыгъэкIэ гупыр нэхъри хуэхьэзыр мэхъу шынагъуэ зыпылъ химие пкъыгъуэхэр здэщыIэ объектым шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным. ЩытыкIэ гугъум тэмэму дыкъикIащ, ди къалэнхэр нэсу дгъэзэщIащ, - жиIащ зыгъэсэныгъэхэр зи нэIэм щIэта, щIыналъэ МЧС-м мафIэсыр гъэункIыфIынымрэ аварие-къегъэлыныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ и управленэм и унафэщI Къэгъэзэж Анзор.

***Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***



Футбол

# АдэкIэ къапэплъэр сыт?

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 6-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр**: Прокопов (Волгоград), Магомедов (Мэхъэчкъалэ), Багдасаров (Владикавказ).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Ольмезов, Сындыку, Шумахуэ З., Шумахуэ И., ХъутIэ (Бахъсэнокъуэ, 81), Хьэшыр, Торосян (Дэхъу, 67), Ульбашев (Жангуразов, 67), Масленников, Бэчбо (Ашуев, 83).

«**Биолог-Новокубанск**»: Суворов, Старков, Никитин, Пириев, Гребенюков, Черчесов (Марченкэ, 65), Салахетдинов (Темыкъуэ, 65), Борисов, Кондратюк (Степанович, 64), Циберкин (Саркисов, 74), Переверзев.

**Топыр дигъэкIащ** Пириевым, 85 (0:1).

**Дагъуэ къыхуащIащ** Кондратюк, Переверзевым, Черчесовым, Борисовым, Салахетдиновым, Старковым, Шумахуэ З.



УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хыхьэу тIощIрэ езанэ джэгугъуэм зэхэтын хуеяуэ, дунейм и щытыкIэм къыхэкIыу ягъэIэпхъуауэ щыта «Спартак-Налшыкымрэ» «Биолог-Новокубанск»-мрэ я зэIущIэр бэрэжьейм Налшык щыщыIэжащ.

ЗэIущIэм и пэщIэдзэ дакъикъэхэм, хэгъэрейхэм зэрахуэфащэу, налшыкдэсхэм зэпэщIэтыныгъэм и екIуэкIыкIэнур я нэIэ щIагъэувэну я мурадащ - ипэкIэ жыджэру кIуатэу хуежьащ. АрщхьэкIэ, Прогрессым къикIа командэри кIащхъэтэкъым, тыншуи къыпхуигъэкIуэтын гупхэм хуэдэтэкъыми, щIэх дыдэу щытыкIэр къагурыIуащ икIи «Спартак-Налшыкым» и лъэныкъуэмкIэ джэгур ягъэIэпхъуащ. Къыхэдгъэщынщи, япэ къекIуэкIыгъуэм хиубыдэу командэхэм Прогрессым щрагъэкIуэкIа зэIущIэр хэгъэрейхэм я текIуэныгъэкIэ 1:0-у иухауэ щытащ.

ХьэщIэхэм яубыда тепщэныгъэм къаIэщIэкIри, еянэ дакъикъэр екIуэкIыу, налшыкдэсхэм контратакэ псынщIэ къызэрагъэпэщащ икIи псынщIэу бжыгъэр къызэIуахыну IэмалыфI дыдэ къахукъуэкIащ. ЕбгъэрыкIуэныгъэм хэту топыр къызыIэрыхьа Шумахуэ Заур штрафнойм щихьэм, адрей лъэныкъуэмкIэ къыкъуэжа Хьэшырым и дежкIэ къыхитащ. Шумахуэм къыпежьэу гъуэм къыдэкIа хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым и щIыбагъым къыдэхута Алан лъэщу топым еуащ, арщхьэкIэ перекладинэм къигъэлъеижащ.

Япэ Iыхьэм и кум джэгум и жыджэрагъыр щIэужьыхащ. ЗэпэщIэтыныгъэ мащIэр нэхъыбэу щекIуэкIыр губгъуэм и курт. Ди щIалэхэм ебгъэрыкIуэныгъэ Iуэху зэрахуэжтэкъым, уеблэмэ я лъэныкъуэмкIэ иту топыр щызэIэпахкIэ щхьэусыгъуэншэ щыуагъэхэр яIэщIэщIэрт. Апхуэдэ защIэу йокIуэкI мыгъэрей лъэхъэнэр «Спартак-Налшыкым» зэрыщIидзэжрэ. Гупым я джэгукIэ зэкIэлъымыкIуэм теухуауэ футболеплъхэм жэуапыншэ упщIэ куэд ягъэув хъуащ.

Япэ Iыхьэм и кIэух дакъикъэхэм зэIущIэм и бжыгъэр къызэIуахыну иджыри зы Iэмал къахукъуэкIат хэгъэрейхэм. Шумахуэ Заур къыхита угловойм иужькIэ «Биолог-Новокубанск»-м и гъуэм бгъэдэт Ольмезовыр топым кIэлъеуэжащ. Нэхъапэми хуэдэу, налшыкдэсхэм езыхэм я щыуагъэм и зэранкIэ хьэщIэхэм я гъуэр хамыгъэщIауэ къэнащ - Артур гъуэ нэщIым топыр хуигъэзэфакъым.

Загъэпсэхуу къихьэжа нэужьи щытыкIэм зэрызихъуэжа щIагъуэ джэгупIэ губгъуэм щыплъагъуртэкъым - псори зэхэзэрыхьат. ЕбгъэрыкIуэныгъэкIэ узэджэ хъуну командэхэм къызэрагъэпэщ жыджэрагъ закъуэтIакъуэхэр мыхьэнэ пыухыкIа зимыIэ кIэухкIэ ужьыхыжырт. Къыхэбгъэщ хъунухэм ящыщщ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ Масленниковыр зэуар: перекладинэ лъабжьэм кIэщIыхьэ топыр «Биолог-Новокубанск»-м и гъуащхьэтет Суворовым дахэ дыдэу кърigъэгъэзащ.

ЗэIущIэм хухаха зэман нэхъыщхьэр иухыным дакъикъитху нэхъыбэ къэмынэжауэ, Антиповым и гъуэм къебгъэрыкIуэ хьэщIэхэм я футболистхэм ящыщ зыр штрафнойм щихьэм ди щIалэхэм ираудащ. ХьэщIэхэр зэуа топым «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтет Антиповым прогрессдэсхэм я гъуащхьэхъумэм хуэзанщIэу кърigъэгъэзащ. Пириевыр абы кIэлъеуэжри, хьэщIэхэм текIуэныгъэр къахуэзыхь топ закъуэр дигъэкIащ - 0:1.

Гъатхэ зэIущIиплIым зы очко закъуэ фIэкIа къыщызымыхьыфа «Спартак-Налшыкым» къытхуэнэжа гугъэ мащIэхэри егъэкIуэд. Турнир таблицэм и лъабжьэмкIэ щыщыIэ командэхэм апхуэдэ джэгукIэ фIэкIа щыдрамыгъэкIуэкIыфакIэ, мэлыжьыхьым и 10-м Песчанокопскэ ди щIалэхэм «Чайка»-м щыпагъэувыфынур сыту пIэрэ? Хьэмэ къэгубжьу зыкъызэкъуахыну? УпщIэхэр куэдщ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. СКА** | **23** | **17** | **2** | **4** | **42-13** | **53** |
| 2. «Динамо» Мх. | 22 | 15 | 5 | 2 | 38-10 | 50 |
| 3. «Чайка» | 23 | 14 | 6 | 3 | 51-15 | 48 |
| 4. «Форте» | 22 | 12 | 8 | 2 | 37-19 | 44 |
| 5. «Анжи» | 23 | 11 | 6 | 6 | 32-18 | 39 |
| 6. «Черноморец» | 22 | 11 | 5 | 6 | 43-27 | 38 |
| 7. «Кубань Холдинг» | 23 | 10 | 6 | 7 | 26-21 | 36 |
| 8. «ТIуапсы» | 23 | 9 | 2 | 12 | 28-37 | 29 |
| 9. «Легион Динамо» | 22 | 7 | 8 | 7 | 27-18 | 29 |
| 10. «Биолог-Новокубанск» | 22 | 7 | 7 | 8 | 28-24 | 28 |
| **11. «Спартак-Налшык»** | **22** | **6** | **9** | **7** | **19-18** | **27** |
| 12. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 22 | 6 | 6 | 10 | 33-32 | 24 |
| 13. «Динамо» Ст. | 23 | 5 | 7 | 11 | 28-41 | 22 |
| 14. «Дружба» | 22 | 4 | 8 | 10 | 16-29 | 20 |
| 15. «Ротор-2» | 22 | 4 | 5 | 13 | 18-37 | 17 |
| 16. «ЕсентIыгу» | 23 | 2 | 4 | 17 | 10-75 | 10 |
| **17. «Алания-2»** | **23** | **2** | **4** | **17** | **27-69** | **10** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ «Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.027
Заказ №699